



**Fonkoze USA**  
fondasyon kole zepòl

Fonkoze USA te fonde Ozetazini an 1997 kòm yon ONG k ap kore Fonkoze ann Ayiti. Se kote Direktè Fonkoze USA a rete, Biwo a ye. Kounye a Biwo a chita nan Nouyòk.

Men kisa Fonkoze USA fè:

- Resevwa lajan kòm don ak investisman pou Fonkoze ann Ayiti,
- Fè plis moun konnen sa Fonkoze ann Ayiti ap fè ak sa li bezwen, epi
- Chèche asistans teknik pou sipòte travay devlopman ekonomik Fonkoze ap fè ann Ayiti.

Pandan Fonkoze USA ap sipòte plizyè lòt ti pwogram ann Ayiti, pi fò lajan li resevwa ale nan Fonkoze.

Si sa enterese w pou w aprann plis bagay toujou sou Fonkoze USA, tanpri kontakte Sharmi Sobhan nan adrès sa a: [fonkozeusa@fonkoze.org](mailto:fonkozeusa@fonkoze.org)

Photos by Karl Grobl



*Ann patisipe ansanm nan mete baz pou demokratize ekonomi peyi nou an.*

### Fonkoze USA

Sharmi Sobhan, Direktris  
Bwat Postal 1695  
New York, NY 10156  
Tel: (212) 822-9553  
Faks: (212) 989-0983  
[fonkozeusa@fonkoze.org](mailto:fonkozeusa@fonkoze.org)  
[www.fonkoze.org](http://www.fonkoze.org)

## Sèvis Fonkoze Yo

### Èske Ou Vle Ouvri Yon Kont Epay Nan Fonkoze?

Si wi, pase nan nenpòt biwo Fonkoze avèk yon foto, yon pyès idantifikasyon, ak 25 goud pou yon kont an goud oubyen US\$20 pou yon kont an dola ameriken.

### Èske W Gen Fanmi Lòt Bo Dlo?

Mande yo fè yon depo Ozetazini oubyen Kanada sou kont ou a pou ou. Li pa chè ditou. Mande yo rele nou gratis nan nimewo 1-800-293-0308 oubyen voye yon imel pou nou nan [fundnotice@fonkoze.org](mailto:fundnotice@fonkoze.org). Men pri yo:

Montan Transfè	Fre Transfè
\$10 - \$1000	\$10
\$1,001 - \$2,000	\$15
\$2,001 - \$3,000	\$20
\$3,001 - \$4,000	\$25
\$4,001 - \$5,000	\$30
\$5,001 and above	\$50

### Èske W Bezwen Kredi Pou Gwoup Ti Machann?

Si w se yon ti machann, chèche 4 bon zanmi epi kouri nan biwo Fonkoze ki pi pre w la. Fòmè yon gwoup solidarite epi ansanm avèk yo, ou kab vin yon manm Fonkoze. Apre sa, ou kapab resevwa tout sèvis Fonkoze ofri yo tankou: kredi youn apre lòt, alfabetizasyon, edikasyon – Pou kounye a, se gwoup Ti Machann ki gen 5 moun ki resevwa kredi nan Fonkoze

### Èske W Bezwen Kredi Pou Devlope Yon Ti Biznis?

Si w gen yon ti biznis andeyò (tankou yon boulanjri, yon famasi, yon boutik) kap fonksyone depi plis pase yon lane, gen posiblite pou jwenn yon kredi nan Pwogram Devlopman Biznis Fonkoze a. Pou plis enfòmasyon, rele n: nan 221-7641 oubyen pase nan nenpòt Biwo Fonkoze oubyen ekri nou nan: [businessdevelopment@fonkoze.org](mailto:businessdevelopment@fonkoze.org).

Si w se manm yon koperativ ki ekspòte kafe, kakao oubyen mango, ou ka jwenn kredi nan Pwogram Devlopman Biznis la tou. Kontakte nenpòt biwo Fonkoze, oubyen pou plis enfòmasyon ekri nou nan [businessdevelopment@fonkoze.org](mailto:businessdevelopment@fonkoze.org).



**Fonkoze**  
fondasyon kole zepòl

**Bank Altènativ  
pou ede Ayisyen  
amelyore lavi yo**

Photos by Karl Grobl



### Fonkoze

Anne Hastings, Direktris  
Avni Jan Pòl II, #7 (alenteriyè)  
Pòtoprens, Ayiti  
Tel: (509) 221-7631, 7641  
Faks: (509) 221-7520  
[director@fonkoze.org](mailto:director@fonkoze.org)  
[www.fonkoze.org](http://www.fonkoze.org)

# Sa Fonkoze Ye?

Fonkoze, se ti non jwèt Fondasyon Kole Zepòl. Se yon Bank Altènativ ki la pou kore òganizasyon moun pòv yo ann Ayiti. Se pi gwo enstitisyon mikwofinans ki ekziste nan peyi a, e ki ofri tout moun (Ayisyen kou Etranje) plizyè sèvis finansye, espesyalman moun k ap viv andeyò yo.

Fonkoze fonde ann Ayiti 18 Avril 1994. Kounye a, Fonkoze gen plis pase 50,000 moun ki depoze kòb ladan l. Fonkoze deja bay plis pase 25,000 moun kredi. 96% ladan yo se fi. Fonkoze gen 250 anplwaye k ap travay nan 20 biwo ki gaye nan tout 9 departman peyi a. Gen 19 nan Biwo sa yo ki an pwovens. Men kalte Sèvis Fonkoze ofri yo:

- **Kredi** pou ti machann yo ak ti antrepriz ki an pwovens yo;
- **Epay** (Sere Kòb) pou ede moun pòv yo gen yon bwat sekre labank;
- **Sèvis chanje lajan** ki pèmèt kliyan yo chanje dola ameriken an goud ak yon pi bon to;
- **Sèvis transfè lajan** ki pèmèt Ayisyen k ap viv aletranje yo voye lajan ann Ayiti ak yon frè ki ba anpil; epi
- **Fòmasyon nan alfabetizasyon** ak jesyon biznis.

## Fonkoze genyen biwo tout kote nan peyi a:

- |             |              |
|-------------|--------------|
| • Pòtoprens | • Ench       |
| • Mibalè    | • Fòlibète   |
| • Okap      | • Pòmago     |
| • Okay      | • Gonayiv    |
| • Fondwa    | • Jakmèl     |
| • Ponsode   | • Jeremi     |
| • Pòdpè     | • Lagonav    |
| • Twen      | • Lavale     |
| • Wanament  | • Leyogàn    |
| • Sodo      | • Boukankare |

" Anvan m te antre nan Sant Alfa a, m pa te menm kapab ekri premye lèt nan non mwen. M vin nan Sant la pou m pa janm fè kwa "X" ni tranpe dwèt mwen nan lanm ankò. Mwen aprann anpil bagay."

# Fonkoze: Fondasyon an

Fonkoze ap goumen kont pwoblèm moun pa konn li ak ekri ann Ayiti **atravè pwogram edikasyon** li an ki se premye pami lòt yo; pwogram sa a marye fòmasyon baz alfabetizasyon an ak edikasyon pratik ki baze sou sijè tankou jesyon biznis ak sante nan zafè fè bagay ak fè pitit. Pi devan Fonkoze konte ajoute lòt sijè anndan pwogram lan.

Fonkoze ap travay pou l **kore ti antrepriz ki** andeyò Pòtoprens pou yo kapab kreye dyòb oubyen bay popilasyon andeyò a mwayen pou li vann pwodui li yo aletranje. Kounye a, Fonkoze bay ni pwopriyete biznis endividyèl yo ni koperativ agrikòl yo kredi.



Photo by Tequila Minsky

Fonkoze ap **louvri lòt nouvo biwo** k ap rive sèvi menm zòn ki pi andeyò yo ak popilasyon ki pi pòv yo. Yon fwa Fondasyon an sipòte Biwo sa yo joutan yo vin rantab, apre sa, Bank Fonkoze ap achte biwo a nan men Fondasyon an. Konsa Fondasyon an ap kapab kontinye louvri plis biwo toujou.

Konsa tou, Fondasyon an ap **devlope pwodui finansye tounèf epi l ap teste** yo pou l satisfè bezwen moun ki nan zòn andeyò yo. Pwodui sa yo ap parèt sou plizyè fòm tankou mikwo-asirans, finansman pou amenajman kay, oubyen ti kredi pou fè moun ki pi pòv yo kòmanse yon ti Komès.

Se Fondasyon an ki manman tout biwo Fonkoze yo, menm si yo chak granmoun lakay yo. Men youn soutni lòt, youn kore lòt tankou sa fèt nan yon bon fanmi. Anvan lontan, Fondasyon an pral retire tout sèvis finansye l yo, pou l voye yo nan Bank Fonkoze. Fondasyon an ap toujou kontinye bay tout lòt sèvis li konn bay yo.

" Lajan yo prete m nan pèmèt mwen fè benefis nan biznis mwen an. Avèk benefis sa a, m kapab voye pitit mwen lekòl. Li pèmèt mwen ba yo manje tou epi pran swen yo si yo malad."

# Bank Fonkoze

Fonkoze vle òganize l pou l patisipe tout bon nan batay devlopman ekonomik peyi nou an. L ap fè demach pou l vin tounen premye Bank Mikwokredi ann Ayiti. L ap travay pou l ogmante sèvis finansye li yo pi plis toujou, pou l tounen yon bank k ap ofri tout sèvis labank yo avèk misyon pou l bay moun k ap viv andeyò yo tout yon seri sèvis finansye ki fèt pou rann moun endepandan epi pou demokratize ekonomi peyi a.

Bank Fonkoze deja depoze tout papye l yo nan Bank Santral (BRH) kote li fè demann pou yon lisans Bank Komèsyal. Anvan lontan, Fonkoze ta dwe jwenn lisans sa a, sitou paske tout papye l yo kòrèk e an plis li deja motive anpil investisè etranje pou vin envesti ann Ayiti ansanm avè l. Gen anviwon 3 milyon dola ameriken envestisè sa yo pare pou vin envesti ann Ayiti depi Fonkoze jwenn lisans lan.

Bank Fonkoze gen pwojè pou l sèvi plis pase 100,000 kliyan k ap resevwa kredi avèk yon aktif ki depase 38 milyon dola ameriken sou yon peryod 5 lane apre Bank la fin ouvri.



Photo by Sharmi Sobhan

## Bank Fonkoze

Jean-Edner Nelson, Direktè  
Enpas Jiro, #6  
Pòtoprens, Ayiti  
Tel: (509) 513-7641, 512-9968  
director@bankfonkoze.org  
www.fonkoze.org

" Mari m te konn bat mwen, men li pa fè sa ankò depi nou te antre nan sant Sante. Li di m si l te gen tan konnen istwa sa a, li pa t ap bat mwen konsa."